Ассаламу гӀалайкум!

# АХИХЪАН

№ 24 (7867)
5 Июнь
Хамиз 2025 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

## Аппаратальул данделъи

Дагъал церегӀан къоязда «Унсоколо район» муниципалияб гӀуцӀиялъул администрациялда, районалъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовасул нухмалъиялда гъорлъ тӀобитӀана аппаратальулаб совешание.

Гьениб аслияб суал букӀана; Унсоколо район гӀуцӀаралдаса 90 сон тӀубаялде хӀадурлъиялда хурхараб суал. Гьеб тӀобитӀизе хӀисабалде босун буго гьаб соналъул 25 октябралда. Тадбир тӀобитӀиялъе гӀуцӀана гӀуцӀиялъул комитетги. Гьелъул аслияб хӀалтӀи ккола тадбиралде букӀине кколедухъ, киналго рахъалги хӀисабалде росун хӀадурлъиялъул хӀалтӀаби гьари.

Данделъиялда гьединго гъоркьоб лъуна ГьаракӀуни гӀаммаб лъай кьеялъул гъоркьохъеб школалъе гӀураб къадаралда гӀарац гьечӀолъиялъул ва гьеб гӀунгутӀи лъугӀизабизе ккеялъул суалги.



ГӀахьалчагӀи хъатӀана районалде республикаялъул БетӀер Сергей Меликов вачӀиналде хӀадурлъиялъул суалалдаги. Гьенибго бихьизабуна районалда ругел цо-цо гӀунгутӀаби лъугӀизаризе республикаялъул даражаялда рес букӀине бугиланги.

КӀвар кьечӀого течӀо районалъул школазда гӀуцӀадго араб ахирисеб цӀумур кьабиялъул тадбирги. Бихьизабуна тӀаде щун бугеб ОГЭ ва ЕГЭ бергьенлъиялда кьезе ккеялдеги ц1ик1к1араб к1вар кьезе кколиланги.

Гьоркьоб лъуна налогал ракӀариялъул ва электронниял магӀишатиял тӀахьал цӀезаризе ккеялъул суалалги.

Районалъул бетӀер гӀенеккана киналго отделазул нухмалъулезухъ ва баркала загьир гьабуна гьезие гьабураб хӀалтӀухъ.

## ЖамагӀаталъулгун дандчӀвай



Гьал къоязда Шамильхъалаялда букӀана районалъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовасул ва гьесул заместитель М. ХӀамзатовасул бакӀалъулал гӀадамазулгун дандчӀвай. ДандчӀваялъул аслияб мурад букӀана поселокалда телевешаниялда ругел гӀунгутӀаби лъугӀизариялъул суал гьоркьоб лъей.

ГӀадамаз жидерго разилъунгутӀи баян гьабулеб букӀана поселокалда федералиял каналал рихьулел гьечӀолъиялда хурхун. Гьелъ цо хасаб санагӀат бахъи гьабулеб буго хӀалхьуда ругеб заманаялда батӀи-батӀияв программабазда хадуб хал кквезе. Рес гьечӀого буго федералиял каналаздасан рихьизарулел ракӀ гъезабиялъулгун инфомационияв программабазухъ балагьизе.

ДандчӀваялъул заманалда бакӀалъулал гӀадамаз бетӀерасда гьарана поселокалда цӀияб, къуватаб телевышка лъеян. Гьез хьул гьабулеб букӀана цӀияб телевышка лъуни, гьоркьоса къотӀичӀого лъикӀаб качествоялъул телепередачабазухъ балагьизе рес щвезе букӀиналда.

ГӀ. НурмухӀамадов ва М. ХӀамзатов ракӀ-ракӀалъ гӀенеккана жамагӀаталъул гьариялъухъ ва рагӀи кьуна качественнияб телепередачаби рукӀинариялъе кинабго жидеда барабщинаб гьабизе бугилан.

## ЛъикӀаб къимат кьуна



«Унсоколо район» МОялъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовас лъикӀаб къимат кьуна республикаялъул БетӀер С. Меликовасул ХитӀабалъе, бихьизабуна гьелъ гӀумро гьабиялъул киналго рахъал гъорлъе рачунел ругилан, гьелъ республика цебе иналъе ругел ресазде кӀвар кьолеб бугилан. Гьедин ГӀ. НурмухӀамадовас рихьизаруна гьал хадусел кӀвар бугел суалал:

1. ХитӀабалъ гъорлъе рачунел руго цохӀо Халкъияб Собрание гурони Дагъистаналъул киналго гӀадамалги.
2. **Приоритетниб цебетӀей**- бихьизабун буго тӀецересел кӀваралъул суалал. Гьел ккола: социалиябгун-экономикияб цебетӀей, инфраструктура, сахлъи цӀуни, росдал магӀишат, туризм ва тӀабитӀат цӀуни.
3. **ГӀумро гьабиялъул даража борхизаби**: - хасаб кӀвар кьолеб буго ток чӀезабиялде, газ бачиналде, лъедалъун хьезариялде, нухазде, транспорталде.
4. **СВОялъул гӀахьалчагӀазе кумек гьаби.** СВОялъул гӀахьалчагӀазул хъизамазе кумекалъе бугеб «Свой бизнес» проекталде кӀвар кьей.
5. **Фронталъе гуманитарияб кумек.** Меликовасул нухмалъиялда гъоркь дагъистанияз рахъ кколеб буго СВОялъул, битӀулеб буго гьенибе кумек хӀисабалда къайи.

ГӀ. НурмухӀамадовас кӀвар кьун бихьизабуна ХитӀабалъул дагъистаниязул гӀумро лъикӀлъиялъул бугеб кӀвар.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 24 (7867)
Хамиз 5 Июнь
2025 сон



## Баркула!

**ХIурматиял районцоял!**

Баркула нужеда, щибаб росдал жамагIаталда тIаде щвараб хирияб Къурбан байрам. Гьеб байрамалъ гъорлъе бачуна инсаният ракълиде ах1и. Загьирлъула исламалъул гIемер гIасрабазулал гIамалал: цоцаздехун адаб-хIурмат, захIматаб яшав бугездехун гурхIел. Жакъа гьезул кIудияб кIварги буго обществалда рух1ияб ва лъикIаб хьвада-чIвадиялъул цебетIей щвеялъе.

Биччанте гьеб гвангъараб байрамалъ нужее босун бачIине рекъел ва лъикIлъи, биччанте ТIадегIанас нужеца гьарурал лъикIал гIамалал къабул гьаризе.

РакI-ракIалъ гьарула нужер хъизамазе талихI, рохел, щулияб сахлъи ва хIалтIулъ икъбал!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район»МОялъул бетIер**

# Къурбан хъвеялъул хIакъалъул

**Къурбан хъвеялъул хIакъалъулъ Къуръаналда абулеб буго:**

«Дуца дур БетIергьанасе гIоло, Гьев разилъиялъул мурадалда какги бай, Къурбанги хъве»,-ян. Цоги хирияб аяталда буго: «Аллагьасухъе нужеца хъурал къурбаназул биялги гьаналги щоларо, кинниги Гьесухъе щола Аллагьасукъа бугеб хIинкъи»,-ян унго-унголъун Аллагьасукъаги хIинкъун, Гьев разилъиялъул мурадалда Къурбан хъве, гьеб Аллагьас къабул гьабулилан.

Къурбан хъвезе ракIалда бугев чияс Зул-хIижжаталъул тIоцебесеб къоялдаса байбихьун Къурбан хъвезегIан черхалдаса я рас, я малъ къунцIичIого тезе суннатаб буго, ай къунцIизе карагьатаб буго.

Къурбаналъул хиралъиялъул хIакъалъулъ хирияб хIадисалда нилъер Аварагас (с. т. гI. в.) абулеб буго: «Къурбан хъолеб къоялъ инсанас гьабулеб гIамалалъул бищунго Аллагьасе бокьулеб гIамал би гIодобе тIей буго, ай Къурбан хъвей буго». Гьебго хIадисалъул ахиралдаги буго:

«Къурбаналъул бидул тIири ракьалде бортилалде цебе гьеб тIири Аллагьас тIадегIанаб бакIалде бахине гьабулилан».

Тирмизияс бицараб цоги хIадисалдаги буго:

«Къурбаналъул щибаб рас рикIкIун бетIергьанчиясе кири хъвалилан».

Къурбан хъвей муаккадал, ай нилъер Хирияс тIадчIей гьабурал, рес букIаго нилъецаги тезе бегьуларел суннатаздасан цояблъун ккола. ХIатта цо-цо имамзабаз фаризаяб бугин абулебги буго. Амма гьеб хъвезеян абун назру гьабуни, гьеб мехалъ гьеб Къурбан хъвезе тIадаб буго. Гьеб тIадаб Къурбаналъул щибниги жо кваназеги бегьуларо, кинабго, хIатта тIом-квасгицин мискинзабазе кьезе ккола. Гьединго кваназе бегьуларо васият гьабурав чиясдасан хъураб Къурбаналъул гьанги. Амма васият гьабурав чияс абуни, дидаса Къурбаналъе хъураб жоялъул кколеб бутIа мискинзабазеги кьун, хутIараб кванай,- абун, гьеб мехалъ кваназе бегьула.

Васият гьабичIев хварав чиясдаса Къурбан хъвезе бегьи – бегьунгутIиялда хилаф буго. Хъвезе бегьулин абулел гIалимзабиги ругелъул, гьелдаса пайда гурони зарал щвеларо. Къурбан хъвезе суннатаб буго бусурманав, гIакъилав балугъалъарав чиясе, Къурбан хъвеялъул хадусеб лъабабго къоялъги жиндиеги жинца хьихьизе кколел чагIазеги кваназе гIолеб жоги батани, гьелдаса тIокIлъараб жоялдаса Къурбан хъвей муаккадаб суннат буго. Рес рекъани, рукъалъул агьлуялъул щивасдаса хъвезеги суннатаб буго, амма цоясдаса хъуниги рукъалъул агьлуялъул киназдасаго суннат тIаса ккола.

Къурбаналъе хъвезе бегьулел хIайванал вараниги, чIегIерхIайванги, гIиялъажоги буго. Рес гьечIев чияс гIанкIу хъуниги, хъвезе бегьулиланги буго, Аллагь разилъаяв ибну ГIабасица гьедин абунилан буго. (Бал: «ШархIул Мафруз», 202 гьум.) Къурбаналъе бегьизе ккани, варанидул щуго сон тIубараб букIине ккола, чIегIерхIайваназулги цIаназулги кIиго сон тIубараб букIине ккола. ГIиялъажоялъул цо сон тIубараб букIине ккола, ялъуни анлъго моцIги тIубараб, цереса цабиги рортараб букIине ккола. Къурбаналъе хъолеб хIайван гьаналъе мукъсанлъи гьабулеб гIайибаздаса бацIцIадаб букIине ккола. Масала, цIакъго хIалакъабги бегьуларо, цIакъго рекъабги, цIакъго беццабги, цIакъго унтарабги бегьуларо, гIинзул цо бутIа къотIарабги бегьуларо, хъвалхьараб бегьула. Имам абу ХIанифилги имам Маликилги мазгьабазда рекъон гIинзул лъабго бутIа гьабун цо бутIа гIанисеб къадар къотIараб бугониги, гьебги бегьула. ГIундузул цо бутIа къотIараб гурони щолеб гьечIони, кIиявго имамасда нахъги рилълъун, гьебги хъвезе бегьула Къурбаналъе. ГIундул рорлъарабги, лълъурдул гьечIебги бегьула, балъ (суй) гьабурабги бегьула. ГIантаб бегьуларо, хъирис барабги бегьуларо, къинаб бегьулиланги абула. Къурбаналъе бищунго хъвезе хирияб варани буго, хадуб чIегIерхIайван буго, хадуб гIиялъажо буго. Варанидулги чIегIерхIайваналъулги анкьил бутIаялда гIахьаллъиялдаса цо гIиялъажо хъураб хирияб буго. ЦIцIе хъвеялдаса квасул жо хъураб хирияб буго, квасул жоялъулги куй хъураб хирияб буго, куйдузда гьоркьосаги хъахIаб, лълъурдулги чIахIияб хирияб буго. Киналго хIайваназда гьоркьосаги чIахIиял, къариял хъуни хирияб буго.



### КЪУРБАН ХЪВЕЯЛЪЕ НИЙЯТ ГЬАБИ

Къурбан хъолеб мехалъ нийят гьабила: «Дица нийят гьабула дирго черхалдаса, яги дун вакил гьавурав пуланав чиясдаса суннатаб Къурбан хъвезе, Аллагьасе гIоло, Аллагьу акбар».

Назру гьабун бугони абила: «Дица нийят гьабула дида назру гьабураб Къурбан хъвезе (пуланасдаса яги жиндасаго) Аллагьасе гIоло, Аллагьу акбар»,-абун.

Нийятги Къурбан хъолеб гIужалъ гьабизе ккола. Къурбан жиндасаго хъолеб бугони, жиндирго кверлалъ хъвезе суннатаб буго, жинцаго хъолеб гьечIони, хъолеб гIужалда аскIов вахъун чIезе суннатаб буго. Нилъер хирияв Аварагас (с. т. гI. в.) Аллагь разилъаяй жиндирго яс ПатIиматида абуна:

«Мун тIаде яхъа, дурго Къурбаналда аскIой яхъун чIа, гьелъул тIоцебесеб бидул тIири тIинкIараб мехалъ дур церехун арал мунагьал чурула»,-ян. ХIадис ХIакимица бицана къучIаб иснададалъун.

Хъвезе цоги чи вакил гьавулев вугони, нийят гьаби вакиласде тIамизеги бегьула. ГIиялъажо хъолеб бугони, нийят цо чиясдасан гурони гьабуларо, кириялъулъ бокьа-бокьарал чагIи гIахьал гьаризеги бегьуларо. ЧIагояв чиясдаса Къурбан хъвезе бокьани, гьесул изну къваригIуна, изнуги гьечIого чIагояв чиясдаса хъураб Къурбан къурбанлъун букIунаро. Хварав чияс васият гьабун гьечIони гьесдаса Къурбан хъвезе бегьуларо, къучIаб рагIиялда бан. Амма бегьизеги бегьулин, кириги щолилан абулел гIалимзабиги руго. Балагье: «Сиражул вагьгьажалде», «ЩархIул Мафрузалде», «Уммул баяналде», ва гь. ц.

Къурбан хъолев чиги Къурбаналъе хъолеб хIайванги Къилбаялдехун руссун рукIине суннатаб буго. Къурбан хъолеб мехалъ «Бисмиллагь» бахъила, цинги свалат битIила, цинги лъабцIул «Аллагьу акбар» абила, цинги гьаб дугIа цIалила:

«Аллагьума гьаза минка ва илайка фатакъабал мини»,- абун. Нусги лъухьун рекIинабизе суннатаб буго, хъолеб хIайванги бехьерхьун бачинчIого, бигьаго хадуб цIан бачина. Нусги хIайваналда бихьизе теларо, цояб хIайванги тIаде балагьун букIаго, гьелда цебе цогидабги хъвеларо, мукъулукъалда нусги хехго бахъила. Къурбан хъолеб гIуж байбихьула ГIидалъул къоялъ хочол къадаралъ бакъ бахун хадуса, гьеб ккола, бакъул тIогьиллъиги ун, бакъ хъахIлъараб заман, гьелдаса байбихьун ГIидалъул къоялъги хадусеб лъабабго къоялъги Къурбан хъвезе бегьула. Ахирисеб къоялъул маркIачIул гIужалда Къурбан хъвеялъул заман лъугIула.

Хъураб Къурбан назру гьабураб бугони, гьеб хъурасги, гьес хьихьизе кколел чагIазги кваназе хIарамаб буго, кванараб жоги мискинзабазе бецIизе ккола, къимат кьунги, кванараб къадар кьунги. Амма суннатаб Къурбан абуни, гьелъул цо бутIа, яги гьанал кесек мискинзабазе гIатIгояб хIалалда кьезе тIадаб буго, хутIараб гьан хъурасги, гьесул агьлуялъги кваназе бегьула, бакъвазе базеги бегьула. Лъабил цо бутIа мискинзабазеги кьун, цоги лъабил бутIа жинцагоги кванан, цоги лъабил бутIа сайгъат гьабуни, гьебги хирияб буго. ТIулалдаса кIиго-лъабго лукъманги кванан, хутIараб кинабго садакъаде кьезе суннатаб буго. Сайгъат гьабун бечедазе кьураб гьан гьез бичизеги хIарамаб буго, мискинзабазе садакъа гьабураб гьан бичизе гьезие ихтияр буго. Белъун гьангун, гьеб кваназе гIадамал ахIизеги бегьула. Хъураб жоялъул тIом, квас садакъаде кьезеги бегьула, сайгъат гьабизеги бегьула, жинцаго какикь тIамун пайда босизеги бегьула, амма бичизе хIарамаб буго. Цо-цояз гьикъула Къурбаналъе хъураб жо бугони, гьеб мавлидги ахIун, гIадамазда кваназабизе бегьулищилан? Гьебги бегьула, амма цин мискинзабазе кколеб гьанал кесек батIа гьабизе ккела, хутIараб гьан, белъинеги белъун, мавлид ахIизе бегьула.

**Аллагьас тавфикь кьеги! Амин!**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 24 (7867)
Хамиз 5 Июнь
2025 г

3 гьумер

Садовод

Страница в номере



Пожар

## Как соблюдать пожарную безопасность в Дагестане в условиях особого противопожарного режима

**Особый противопожарный режим введен в Дагестане с 1 апреля 2025 года**

Лето в Дагестане — время жаркое, сухое и ветреное, что значительно повышает риск возникновения пожаров. В связи с этим в регионе часто вводится особый противопожарный режим , который направлен на предотвращение чрезвычайных ситуаций и защиту уникальной природы Кавказа. Чтобы отдых в горах, на побережье или в ауле не обернулся трагедией, важно строго соблюдать правила пожарной безопасности.

**Что такое особый противопожарный режим в Дагестане?**

Особый режим вводится постановлением Главы Республики Дагестан или местных администраций в периоды повышенной пожарной опасности (обычно с июня по сентябрь). Он включает:



Запрет на посещение лесов в горных и предгорных районах, особенно в национальных парках «Ахта» и «Дагестан».
Полный запрет на разведение костров вне специально оборудованных зон отдыха. Ограничение на использование открытого огня на дачных участках и вблизи сухой растительности.
Запрет на сжигание мусора, травы и других горючих материалов. Контроль за проведением огневых работ на стройках и производственных объектах. Нарушение этих правил грозит административной ответственностью (штрафы от 2 до 4 тысяч рублей для граждан) или даже уголовной (до 2 лет лишения свободы в случае возникновения крупного пожара). Правила безопасного отдыха на природе Дагестанцы и гости республики часто выбирают для отдыха горные ущелья, берег Каспия или аулы. Чтобы избежать пожаров:
Планируйте пикники в оборудованных зонах отдыха , где есть металлические мангалы и доступ к воде. Не разводите костры в ветреную погоду или рядом с сухой травой, кустарниками и деревьями. Не оставляйте мангал без присмотра , даже если вы «на минуту». Не выбрасывайте окурки в неположенных местах — они могут стать источником возгорания.
Используйте газовые или электрические грили , которые проще контролировать.
Безопасность на даче и в доме Многие жители Дагестана проводят лето в сельской местности, где электропроводка и печное отопление требуют особого внимания:
Проверьте электропроводку перед началом сезона. В старых домах перегрузка сети может вызвать возгорание.
Не оставляйте детей без присмотра рядом с печами или электронагревательными приборами. Не сжигайте мусор на участке — это не только запрещено, но и опасно. Имейте дома огнетушитель и ознакомьтесь с инструкцией его использования.

**Что делать при обнаружении пожара?**

Если вы заметили дым, запах гари или огонь:
Сразу звоните в пожарную службу : 101 или 112 (бесплатно с любого телефона).
В горных районах важно указать точное местоположение (название аула,
ориентир, координаты).
Не пытайтесь потушить пожар самостоятельно , если он уже распространяется. При эвакуации двигайтесь вниз по склону (огонь распространяется быстрее вверх).
При задымлении прикройте лицо влажной тканью и ползите — внизу меньше дыма.

**Где узнать о действующих ограничениях?**

Информация об особом режиме публикуется:
На официальном сайте правительства РД: https://www.e-dag.ru .
В группах МЧС по Дагестану в соцсетях: https://vk.com/mchsdagestan .
В местных СМИ и на радио «Горец».
Примеры из жизни В 2023 году в Хасавюртовском районе пожар, возникший из-за неосторожного обращения с огнём на пикнике, уничтожил более 5 гектаров сухостоя. В 2022 году в Докузпаринском районе жительница села получила штраф за сжигание мусора, которое привело к загоранию сухой травы. Эти случаи напоминают: даже маленькая искра может стать причиной большой беды.
Дагестан — земля уникальной природы: от Каспийского побережья до горных вершин. Сохранить её красоту — наша общая задача. Соблюдая правила пожарной безопасности, мы защищаем не только себя, но и будущие поколения. Берегите себя, своих близких и родную землю!

## Министр здравоохранения Дагестана провёл приём граждан в Унцукульском районе



29 мая министр здравоохранения Республики Дагестан Ярослав Глазов посетил Унцукульский район с рабочим визитом. Вместе с главой муниципалитета Исой Нурмагомедовым он провёл личный приём граждан, где жители смогли озвучить актуальные проблемы в сфере здравоохранения.
**Ключевые вопросы, поднятые жителями:**
- Строительство новой участковой больницы в селе Гимры – необходимость современного медучреждения для улучшения медицинского обслуживания населения.
- Возведение поликлиники рядом с Унцукульской ЦРБ – это позволит оптимизировать оказание амбулаторной помощи.
- Приобретение аппарата КТ– жители подчеркнули важность современной диагностики для своевременного выявления заболеваний.

Представители Минздрава Дагестана и районной администрации дали разъяснения по каждому вопросу, обозначив конкретные шаги для их решения.
В завершение встречи Иса Нурмагомедов поблагодарил Ярослава Глазова за визит, отметив, что такой диалог с населением – важный этап в развитии здравоохранения района.
Прямое общение руководства республики с жителями помогает оперативно реагировать на запросы и улучшать качество медицинских услуг. Реализация озвученных инициатив (новые медучреждения, КТ ) значительно повысит доступность медпомощи для жителей Унцукульского района.

## В Дагестане объявлен особый противопожарный режим: меры безопасности усилены в Унцукульском районе

Министерство сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан сообщило о крайне неблагоприятной обстановке с противопожарной безопасностью в республике. Длительные дожди весной текущего года способствовали появлению обильной растительности, особенно в степи на севере республики. Однако после этого растительность быстро высохла под воздействием иссушающих ветров, которые забирают всю почвенную влагу из метрового слоя почвы. В результате этого процесса растительность одномоментно высохла, создавая реальную угрозу возникновения пожаров.
С учетом данной ситуации и в соответствии с Постановлением Правительства РД, с 1 апреля по 31 октября 2025 года на территории Дагестана установлен особый противопожарный режим. В связи с этим в Унцукульском районе были приняты безотлагательные меры по обеспечению сельхозтоваропроизводителей района мерами противопожарной безопасности. Особое внимание уделили усилению информационно-разъяснительной работы среди сельского населения, чтобы повысить осведомленность о рисках и способах предотвращения пожаров.
Было организовано дежурство и мониторинг для выявления первых очагов, что позволит оперативно локализовать огонь. Для предотвращения распространения огня на важные объекты были проведены обследования животноводческих ферм и сенобаз. В рамках этих мероприятий созданы прокосы и проведены опашки, что поможет предотвратить переход огня на объекты в случае возникновения угрозы.
Призываем всех жителей быть бдительными и соблюдать правила пожарной безопасности, особенно в условиях сложившейся ситуации.

# БетIерасул барки ва баркала



«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана Унсоколо № I школалъул чIахIиял классазул категориялъул республикаялъул даражаялда тIобитIараб «Зарница» хIаязда гIахьалъараб «Махачи» командагун. ДандчIваялда гьединго гIахьаллъана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель М. Юсупов, хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатов, командаялъул нухмалъулев Р. МухIамадов, № I СОШалъул директор МухIамадрасул Нурмух1амадов, гьединго бакIалъулаб «Движение» отделениялъул нухмалъулев М. ГIабдуразакъовги.

ГI. НурмухIамадовас дандчIвай байбихьана командаялда ва гьелъул нухмалъулесда республикаялъул даражаялда ккураб ункъабилеб бакI баркиялдасан, бихьизабуна ункъабилеб букIаниги гьеб нилъер районалъе тIоцебесеб гIадинаб бугинал. БетIерас баркала кьуна школалъул директорасе ва командаялъул нухмалъулесе. Гьединго баркала загьир гьабуна командаялъул гIахьалчагIазул эбел-инсуе хасго ясазул эбел-инсуе.

Школалъул директорасги бицана «Зарница» тIобитIиялда хурхун жиндирго пикраби, бихьизабуна хадубккунги гьединал тадбиразде кIвар кьезе бугиланги. МухIамад ГIабдуразакъовасги баркана гIахьалчагIазда бергьенлъи. Бихьизабуна къецазде хIадурлъиязул лахIзатазул видеороликалги.

Наставник Рамазан МухIамадовас



бицана къецазул заманаялда дандчIварал захIмалъабазул, цебе программаялда хIадурлъиялъул заманалда рукIинчIел ишалги гьаризе ккеялъул. Гьеб масъалаги гIахьалчагIаз бергьенлъиялда тIубазабуна.

Дандельъиялъул ахиралда бетIерас цоги нухалда баркала загьир гьабуна командаялъе ва кьуна гIарцулал сайгъаталги.

Росдал магIишат

# Росдал магIишаталда цифровизация



Дагьал церегIан къоязда «Унсоколо район» МОялда Хъ-М. ГIабдухаликъовасул нухмалъиялда тIобитIана росдал магIишаталъул отделалъул хIалтIухъабазул собрание. Гьениб гьоркьоб лъуна магIишаталъул хIалтIи электрониияб тIехьалдалъун бачиналде рачIине ккеялъул кIвар бугеб суал. Данделъиялда гIахьаллъана росабазул вакилзабиги.

Собрание байбихьана ХъарамухIамад ХIажиевичасул саламалъулал рагIабаздалъун. Гьениб гьес кIвар кьуна росдал магIишат жакъасеб къоялъул тIалабазе жаваб кьолеб гьанжесеб технологиялде рачIине ккеялде. Бихьизабуна электрониияб форматалде рачIиналъ гIемерго бигьалъизе бугин росдал магIишаталъул хIалтIи бачине.



Данделъараз гьоркьоб лъуна гьеб суал ва бихьизабуна электрониял тIахьазде рачIиналъул бугеб пайдаялъул, аслияб куцалда гьелъ рес кьолеб буго хехго бугеб ахIвал-хIал лъазе, гьединго кIолеб буго гIарцулаб сурсаталда хадуб хал кквезеги.

Хъ-М. ХIажиевичас лъикIаблъун бихьизабуна кIигIан кIваниги хехго гьеб ишалде гъорлъе лъугьине ва божилъи гьабуна росдал магIишаталъул хIалтIи гьелъ гIемерго бигьалъизе букIиналда.

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района
ВРИО редактор
Хайбулаев
Хайрула
Магомеднабиевич

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский
район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@
yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 5. 06. 25 г.
14. 50
фактически -17. 30 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.